

Kesyon ak Repons pou founisè sèvis kap distribye Miltivitamin Prenatal (MVP) pou fanm ansent

Fanm ansent gen plis bezwen vitamin ak sibstans mineral yo pandan gwosès. Vitamin ak sibstans mineral sou fòm miltivitamin pèmèt yo reponn ak bezwen sa a.

- Byen manje ede fanm akouche pi byen epi tou li amelyore lèt manman.
- Pi bonè yon fanm kòmanse pran miltivitamin se plis vitamin yo ak sibstans mineral yo gen enpak sou sante moun nan ak sante pitit li.



Vitamin ak sibstans mineral yo, tankou sa nou jwenn nan Miltivitamin Prenatal, kapab ede:

- Redwi anemi, le moun pa we nan nwit, lòt sentom lè moun manke vitamin ak sibstans mineral koze
- Amelyore pwa tibebe ki fenk fèt, diminye kantite timoun ki fèt ki twò piti pou laj yo epi diminye kantite timoun ki fèt tou mouri.
- Koresponn pi byen ak maladi
- Pèmèt kò timoun nan ak lespri l devlope pi byen

Rekòmandasyon:

- Tibebe yo dwe bwè lèt manman yo sèlman pandan 6 premye mwa aprè le yo fin fèt. Epi a 6 mwa, kòmanse ba yo lòt manje mete ak lèt manman an.
- Fanm ki ansent, ak timoun ki gen plis pase 6 mwa dwe cheche manje manje tankou fri ak legim ki gen gwo koulè, manje ki sot nan bèt tankou lèt ak vyann, epi nwa, lwil ak legim sèk.

Enstriksyon sou dozaj

- Pran yon (1) Miltivitamin Prenatal chak jou pandan tout dire gwosès la.
- Kreye woutin oubyen rapèl yon fason pou yo kapab sonje pran miltivitamin prenatal yo chak jou.
- Fanm yo ta dwe kòmanse pran Miltivitamin Prenatal yo yon fwa ke yo konnen ke yo ansent.
- Lè w pran Miltivitamin Prenatal nan aswè oubyen ansanm ak manje epi dlo, sa kapab diminye efè segondè yo.
- Si gen Miltivitamin Prenatal ki rete nan boutèy la aprè ou fin akouche, ou ka pran rès grenn yo aprè akouchman oubyen pandan wap bay timoun lan tete.



**Pran yon - yon sèl -
Miltivitamin Prenatal chak
jou jiskaske boutèy la fini.**



Yo ka bay fanm yo miltivitamin nan pou yo ka bwe lakayyo chak jou tout pandan yo ansent lan. S'il reste des multivitamines dans la bouteille après la grossesse, il est approprié de prendre les comprimés restants au cours de la période d'allaitement.


Kote pou w mete yo:

Mete li nan yon zòn ki **SÈK epi ki FRE**, ant 15°-30°C.
Kenbe boutèy la byen fèmèn.

Koman pouw Louvri Bouchon Sekirite ke Timoun paka Louvri yo:

Anvan yo bay medam yo pran boutey miltivitamin ki pou fanm ansent yo pou ale lakay yo, nou dwe asire nou ke yo ka louvri bouchon sekirite ke timoun paka louvri yo.


Vise kouvèti
boutèy la:



Peze plan men
ou sou bouchon an.



Vire bouchon an nan
sans flèch yo montre a.



Retire
bouchon an.

Ki efè segondè Miltivitamin Prenatal yo?

Lè w pran yo jan pou w pran yo a, ou pa ta dwe gen gwo efè segondè lè wap pran Miltivitamin Prenatal yo; men, gen kèk fanm ke sa bay ti pwoblèm nan lestomak (sa vle di anvi vomi, vomisman epi dyare), konstipasyon, tèt fè mal oubyen yon move gou nan bouch lè yo fin pran Miltivitamin Prenatal la. Jeneralman efè segondè sa yo pa rete, yap ale lè kò a fin abitye ak grenn lan. Lè w pran Miltivitamin Prenatal ansanm ak likid, manje oubyen lè w pral dòmi, sa ka diminye efè segondè yo.



Pa manje: Ti pakè ki anndan boutèy la gen jèl silis ladann; menm si li pa gen pwazon epi li pap fèw anyen ki mal si w ta vale l (se sab ki fèl), ou pa dwe manje l. Pakè a dwe rete nan boutèy la paske li ede aspire imidite (dlo) epi kenbe kalite vitamin yo. Konsa tou, ou dwe pran prekosyon pou kenbe pakè a kote timoun paka jwenn li, paske jèl silis la ka trangle timoun nan.



ATTANSYON: Pran twòp pwodwi ki gen fè se yon danje pou timoun. **SERE PWODWI SA A KOTE TIMOUN PAP JWENN LI.** Nan ka yon moun ta pran twòp pwodwi a kouri al nan sant sante ki pi pre ou a oubyen kontakte byen vit yon sant kont pwazon.